

Tomás ak Bibliyotekè a

Tomás sonje kabann li ak kay li nan Tègzas (Texas). Li menn ak fanmi li tap pral Ayowa (Iowa) nan machin. Se la manman l ak papa l tap travay nan jaden pandan sezon ete a. Lè Tomás ak frè li a pran yon kanpo nan fè travay oubyen nan jew, Papa Grannde ki granpè yo te konn rakonte yo istwa an panyòl.

Yon Jou, papa Grannde di Tomás li dwe ale nan bibliyotèk pou li ale chèche plis istwa ann angle. Deyò a te fè cho anpil, Tomás te sou tansyon lè li rive devan bibliyotèk la. Li rantre trè enpresyone e temparati a te agreyab, li pa jann wè tout liv sa yo byen ranje sou etajè. Bibliyotekè a te akeyi li byen. Madmwazèl la mande li non l, e ba l yon vè dlo epi li ede l chèche liv li renmen, tankou dinozò ak tig. Li menm ede li chwazi liv pou li pote lakay li pou fanmi li.

Leswa, Tomás li liv awotvwa pou fanmi li ann anglè. Lè l ap li poukont li, Tomás bliye tout lòt bagay e li imajine l ap monte yon dinozò. Nan bibliyotèk la, Tomás kòmanse montre bibliyotekè a kèk mo an panyòl tankou *libro – pajaro (liv-zwazo.)*

Yon jou nan mwa out, Tomás mennen Papa Grannde al fè konesans ak bibliyotekè a. Madmwazèl la di: “*Buenas tardes senior*”. Tomás souri, se li ki te montre l di “*Bonswa mesye*” an panyòl. Papa Grannde repond Madmwazèl la “*Buenas tardes senora*”. Tou dousman Tomás di ak yon ti vwa: Mewn gen yon nouvo mo pou mwen aprann nou, mo sa a se *adios (adye)* paske m ap retounen Tègzas. M ap pral sonje bibliyotèk la, bon dlo fre, tout liv sa yo e espesyalman ou menn. Manmanm voye di ou mèsi e Tomás lonje yon ti bwat. Se *pan dulce (pen dous oubyen poudin)*. Bibliyotekè a di l *gracias (mèsi)* e li bay l yon gwo akolad.

Finalman tout nanwit, pandan y ap vwayaje sou move wout la nan vye oto a pou yo retounen Tègzas, Tomás kenbe yon nouvo liv, se yon kado Bibliyotekè te ba li. Papa Grannde souri e di: “Plis istwa pou tirèkont la”. Tomás fèmen zye li e ap imajine yon dinozò kap bwe dlo fre, li tande bwi yon ramye kap chante, li santi kou dinozò a ap pase sou li pandan l ap pran sekous nan vye wout la.

Lesson Activities

Ranforce Komprensyon & Estrategi

1. Pouki sa Tomás kòmante de vè dlo glase a?
2. Pouki sa granpè Tomás rekòmande l anpil pou li ale nan bibliyotèk la?
3. Pouki sa otè a pale de temperati a ?
4. Rakonte istwa nan lòd li te pase e sèvi ak mo ki montre koumansman, mitan ak fen istwa??
5. Eske ou panse Tomás ap kontinye ale nan bibliyotèk pandan letè?
6. Diskite diferans ki genyen ant kado maman Tomás ap kado bibliyotekè a?
7. Konpare relasyon Tomás ant granpapa l ak bibliyotekè a?
8. Identifye e bay ekzanp non pwòp nan istwa a?

Nap Panse de istwa a

1. Kisa ou panse Tomás te santi lè li wè bibliyotèk la premye fwa? Bay ekzanp pou ki sipòte opinyon ou?
2. Anvan Tomás te rankontre bibliyotekè a , granpè l se te tirèkont fanmi a. Pouki sitiasyon an chanje lè Tomás konmanse bibliyotèk la?
3. Pouki sa otè a ekri istwa sa sou Tomás ak bibliyotekè a? Itilize detay ak ekzanp de istwa a pou sipòte repons ou a?
4. Tomás ak bibliyotekè a vin bon zanmi? Sa ou panse youn aprann de lòt?
5. Tomás ak papa grannde se tirèkont. Kijan youn diferan de lòt?

Nap ekri

1. Ekri yon lèt pou di mèsi a bibliyotekè a.